


TOUREFWADISMAN YO



Nan edyosyon sa a:

- Aprann Apati Ankèt sou Deklanchman Maladi Lejyonè
- Pouwa Kolaborasyon an: Antretyen yon Tou Refwadisman Mande Travay an Ekip
- Diminye Risk pou *Legionella* Devlope

Aprann Apati Ankèt sou Deklanchman Maladi Lejyonè

Pati Mouri yo, Byofim ak Sediman Kontribye pou Bakteri *Legionella* yo Devlope

Nan lane 2018, de moun mouri epi plis pase 50 moun te vin malad akòz maladi Lejyonè anrapò ak yon sistèm refwadisman bilding nan zòn pi ba Washington Heights. Aket Depatman Sante Vil de New York la te montre tout pati nan sistèm lan pa te byen antretni.

Li enpòtan anpil pou fè bon antretyen san rete nan yon sistèm tou refwadisman pou anpeche bakteri *Legionella* yo devlope, paske si ou respire yo, sa kapab lakòz maladi Lejyonè, yon kalite nemoni grav ki ka lakòz lanmò pafwa, sitou nan moun ki gen pwoblèm medikal alabaz yo.

Tou refwadisman yo konplike: Anplis tou refwadisman yo ak kondansatè evaporasyon yo, ka gen basen, echanjè chalè, refwadisè, vàn, sistèm filtraj, ponp sikilasyon, liy egalizasyon ak tiyo.

Yo dwe netwaye ak trete tout eleman yo nan yon sistèm tou refwadisman paske *Legionella* ka devlope sou nenpòt sifas imid andedan sistèm lan. Ankèt yo te jwenn pwopriyetè bilding yo ansanm ak kontraktè yo anplwaye pou netwaye tou yo, yo ta dwe okipe espesyalman:

Pati mouri yo: yon seksyon nan sistèm tou refwadisman an ki pa gen sikilasyon oswa ki gen sikilasyon fèb, oswa yon seksyon nan yon tiyo kote longè a sis fwa plis pase dyamèt andedan an avèk sikilasyon ki fèb. Pati mouri yo lakòz dlo chita, sa ki kreye yon anviwònman pafè pou *Legionella* yo grandi. Yo dwe retire oswa dezenfekte pati mouri yo.

Byofim ak sediman: byofim se yon materyèl ki tankou limon ki fòme sou sifas imid yo. Sediman yo fèt ak mineral ki anpile apati tiyo yo oswa matyèl natirèl ki pouri. Byofim ak

sediman ka devlope epi poze andedan tiyo yo ak lòt eleman nan sistèm tou refwadisman an. Bakteri *Legionella* yo bezwen manje akabri pou yo devlope, epi byofim ak sediman yo bay toude. Lè gen byofim ak sediman ki prezan, li vin difisil pou dezenfektan chimik yo touye *Legionella* yo.

Pou rezoud byofim ak sediman yo, epi anpeche yo retounen, pwopriyetè bilding yo ak kontraktè yo dwe enspekte ak trete tout eleman nan sistèm tou refwadisman yo kote ka gen byofim ak sediman, ankontan tout sifas imid yo. Yon founisè ka oblije demonte sèten eleman pou egzamine yo byen. Toujou swiv rekòmandasyon fabrikan an.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan [Cooling Tower Registration and Maintenance \(anrejistreman ak antretyen tou refwadisman\)](#).



Pouvwa Kolaborasyon an

Antretyen yon Tou Refwadisman Mande Travay an Ekip

Yon ekip solid nesèsè pou antretni yon sistèm tou refwadisman epi anpeche bakteri *Legionella* yo devlope. Manm ekip yo dwe kominike ak lòt epi konprann wòl ak responsablite yo.

Règleman Vil New York konsènan tou refwadisman yo ([Chapit 8 nan Tit 24 Règ Vil New York](#)) egzije pou gen omwen manm ekip sa yo:

Pwopriyetè bilding lan: moun ki distribye responsablite pou opere ak antretni sistèm tou refwadisman an, konprann risk *Legionella* yo gen pou lasante epi li responsab anfenkont sou plan finansye sizoka yo bay konvokasyon.

Moun kalifye: yon ekspè nan jesyon kalite dlo, planifikasyon ak operasyon ki ka yon enjenyè pwofesyonèl ki gen lisans nan Eta New York, yon ijyenis endistriyèl sètifye, yon teknisyen dlo sètifye, oswa yon konsiltan anviwòmantal sètifye ki gen de ane eksperyans nan jesyon kalite dlo. Moun sa a kreye pwogram ak plan antretyen an (Maintenance Program and Plan,

MPP), li fè evalyasyon risk nan sistèm dlo yo epi li verifiye pou asire sistèm tretman dlo a ap fonksyone byen.

Moun responsab: moun lan ki fè aktivite siveyans, antretyen ak fonksyonman chak jou yo, ansanm ak fè rapò bay moun kalifye a pou nenpòt kondisyon nan sistèm lan ki pa nòmal. Tout moun responsab yo dwe resevwa fòmasyon nan men moun kalifye a.


Aplikatè byosid: yon aplikatè pestisid komèsyal oswa teknisyen ke [Depatman Pwoteksyon Anviwòmman \(Department of Environmental Conservation\) Eta New York](#) sètifye kòm yon aplikatè Kategori 7G.

Laboratwa: yon laboratwa ki gen sètifikasyon Pwogram Apwobasyon Laboratwa Anviwòmantal (Environmental Laboratory Approval Program, ELAP) Depatman Sante Eta New York la pou fè tès kilti *Legionella*.

Pwopriyetè bilding lan kapab anboche founisè tyès tou – konsiltan, konpayi sèvis oswa konpayi jesyon – pou

patisipe nan ekip la. Pwopriyetè a dwe asire founisè sa yo idantifye nan MPP a, yo konprann wòl ak responsablite yo genyen epi yo kominike ak lòt manm ekip yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, fè lekti [Building Your Cooling Tower System's Management and Maintenance Team \(fason pou fòme ekip jesyon ak antretyen sistèm tou refwadisman ou\)](#) epi ranpli [Responsibilities and Resource Checklist \(lis kontwòl responsablite ak resous yo\)](#) pou detèmine kiyès ki fòme ekip ou an. Pou jwenn dokiman sa yo nan lang Panyòl, Chinwa Senplifye, Chinwa Tradisyonèl ak Vyetnamiyen, vizite [Cooling Towers: Maintenance Program and Plan \(tou refwadisman: pwogram ak plan antretyen\)](#) glise desann nan seksyon **Additional Resources (resous anplis).**



Diminye Risk pou *Legionella* Devlope

Pou diminye risk pou *Legionella* ak lòt kalite bakteri devlope nan yon sistèm tou refwadisman, pwopriyetè a ak moun kalifye a dwe:

- Asire tretman dlo a fèt, ansanm ak konsève yon rezidi chimik pou kontwole bakteri yo.
- Tcheke de fwa kontwòl otomatik pou tretman dlo a pèsònèlman.
- Egzamine regilyèman epi fè mizajou nan plan jesyon ak dosye operasyon yo.

Anplis, pwopriyetè a oswa moun kalifye a dwe asire moun yo k ap fè netwayaj ak dezenfeksyon an:

- Swiv rekòmandasyon fabrikan an pou netwaye chak pyès ekipman pou asire yo netwaye tout pati yo. Sèten eleman nan sistèm lan ka bezwen demoute pou fè yon netwayaj kòrèk.
- Tcheke si tout sifas imid yo nan tout sistèm tou refwadisman an antretni ak trete.

• Verifye avèk zye epi korije nenpòt siy kras, lawouy ak debri nan tout eleman yo nan sistèm tou refwadisman an, ankontan:

- Tou refwadisman ak kondansatè evaporasyon
- Basen yo
- Echanjè chalè yo
- Refwadisè yo
- Vàn yo
- Sistèm filtraj yo
- Ponp sikilasyon yo
- Liy egalizasyon yo
- Sistèm tiyo yo
- Liy derivasyon sezonnye yo
- Pati mouri yo (zòn ki gen sikilasyon dlo fèb oswa ki pa genyen)



Pou pwoteje kont devlopman *Legionella*, ou dwe siveye, antretni, netwaye ak dezenfekte tout sistèm tou refwadisman an, se pa tou refwadisman an sèlman. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou diminye risk pou *Legionella*, fè lekti [Cooling Tower Compliance Guidance \(konsèy pou konfòmite tou refwadisman\) nou an](#).